


Kanabis nan NYC

Li legal pou granmoun yo konsome kanabis (mariwana) nan Eta New York (New York State, NYS).



3 ons



24 g

Granmoun ki gen laj 21 lane pou pi piti gen dwa genyen ak bay (men pa vann) jiska 3 ons flè oswa boujon kanabis, oswa jiska 24 gram kanabis konsantre tankou luil oswa sigarèt elektwonik.




Nou agrandi pwogram pou kanabis medikal la nan New York. Pou jwenn plis enfòmasyon sou chanjman yo, ale sou **cannabis.ny.gov/medical-cannabis**.



**Zòn
pou Fimen**

Granmoun ki gen laj 21 lane pou pi piti gen dwa fimen kanabis oswa sigarèt elektwonik ki gen kanabis ladan nan pifò kote yo otorize moun fimen tabak.



Se nan dispansè ki gen pèmi NYS sèlman yo gen dwa vann kanabis. Pou jwenn enfòmasyon ki ajou sou fason legal pou achte kanabis, sa gen ladan adrès dispansè yo, ale sou **cannabis.ny.gov/adult-use**.

Pou jwenn plis enfòmasyon, ale sou **nyc.gov/health/cannabis**.

Konsomasyon Kanabis la San Danje



Si w ap konsome kanabis, evite pran twòp twò rapid — kòmanse avèk yon ti kantite epi ale dousman.

Ou ap jwenn diferan nivo Tetrayidwokanabinòl (Tetrahydrocannabinol, THC) nan diferan fòm kanabis. Li se sibstans sikoaktif ki fè ou santi w ap plane a. Li kapab fè efè yo vin pi fò oswa pi rapid, oswa toulède.

Gen kèk fòm kanabis ki kapab pran tan pou fè efè. Pa egzanp, li kapab pran jiska kat (4) èdtan pou santi tout efè dwòg manjab yo (manje yo tranpe nan kanabis).



Evite melanje kanabis la avèk lòt dwòg, sa gen ladan alkòl.



Evite konsome kanabis anvan w al kondui oswa pandan w ap kondui.

Li danjre ak ilegal pou w ap kondui pandan ou anba enfliyans kanabis. Li ilegal pou konsome kanabis anndan yon machin, menm si li pake oswa si ou se yon pasaje.



Byen sere kanabis la ak pwodui ki gen kanabis yo yon kote ki pa sou je epi yon kote timoun ak jèn moun p ap ka pran yo.

Si gen yon timoun ki manje oswa bwè pwodui ki gen kanabis ladan yo, rele NYC Poison Center (Sant Kontwòl Pwazon Vil New York la) nan 212-764-7667, ki disponib 24 sou 24, 7 jou sou 7.



Si ou gen mwens pase laj 25 lane, ou dwe konnen kanabis la ogmante risk yo pou sante w.

Kanabis la kapab gen gwo efè sou jèn moun ki gen sèvo yo ki poko fin devlope. Efè negatif yo kapab gen ladan yo difikilte pou reflechi, pou aprann, ak pou rezoud pwoblèm; yon move memwa oswa pwoblèm pou konsantre; epi mwens kowòdinasyon.